

## Kikote mwen ka jwenn fòm yo?

Kontakte Putative Father Registry Eta New York laoswa vizite sit entènèt Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York (New York State Office of Children and Family Services) nan <https://www.ocfs.ny.gov/search/docs.php> pou mande oswa enprime fòm ki vin annapre yo:

**OCFS-2724**, *Avi sou entansyon pou reklame Patènite yon Timoun ki pa Fèt Anndan Maryaj*

**OCFS-2723**, *Avi sou entansyon pou reklame Parantaj yon Timoun ki pa Fèt Anndan Maryaj*

**OCFS-3780**, *Dokiman pou Rekonèt Patènite yon Timoun ki pa Fèt Anndan Maryaj*

Ou ka kontakte tou [Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a](#).

Fòm **LDSS-5171**, *Avi konsènan Dwa Legal ak Konsekans Siyen Rekonesans Parantaj*, disponib nan lopital yo, ajans sèvis sosyal yo, Depatman Sante Eta New York ak Biwo Eta New York pou Èd pou yon Ti Tan ak Èd pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability).

## Kijan pou mwen depoze fòmilè yo nan Anyè Papa Sipoze (Putative Father Registry) a?

**Voye fòm ki ranpli yo nan kourye lapòs bay:**

New York State  
Office of Children and Family Services  
Putative Father Registry  
52 Washington Street, Rm 332 North  
Rensselaer, NY 12144



Office of Children  
and Family Services

Capital View Office Park  
52 Washington Street  
Rensselaer, NY 12144

Vizite sit entènèt nou an nan:  
[www.ocfs.ny.gov](http://www.ocfs.ny.gov)

Pou rapòte abi ak move  
tretman sou timoun, rele:  
**1-800-342-3720**

Pou enfòmasyon sou Lwa Konsènan  
Pwoteksyon Tibebe yo Abandone, rele:  
**1-866-505-SAFE (7233)**

Pou jwenn nimewo telefòn lokal ou a pou  
inite Sèvis Pwoteksyon pou Adilt, rele Liy Èd  
Sèvis pou Adilt nan Sant Apèl Sèvis Imen:  
**1-844-697-3505**

Pou enfòmasyon konsènan fanmi  
akèy ak adopsyon, rele:  
**1-800-345-KIDS (5437)**

Liy Fanmi OCFS HEARS  
(Èd, Otorize, Defansè, Rasire ak Sipòte)  
**1-888-55HEARS (1-888-554-3277)**

Lendi pou rive Vandredi  
8:30 a.m. jiska 4:30 p.m.

Pou jwenn enfòmasyon konsènan sèvis  
pou moun ki avèg, rele:  
**1-866-871-3000**  
**1-866-871-6000 (TDD)**

*“... ankouraje sekirite, pèmanans ak  
byennèt timoun nou yo, fanmi nou yo  
ak kominote nou yo. ...”*

Ann akò ak Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la,  
Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la  
ap mete materyèl sa a disponib sou demann  
sou yon fòm adapte.

Pub. 5040-HC (09/2023)

# Kisa Paran Selibatè yo Bezwen Konnen



**Anyè Papa  
Sipoze (Pitatif)  
yo Eta New York**

## Kisa ki Anyè Papa Sipoze Eta New York?

Alorijin, Anyè Papa ki Sipoze a te yon rejis konfidansyèl pou papa timoun ki pa fèt anndan maryaj. Nan lane 2021, li te elaji pou mete enfòmasyon sou parantaj yon timoun ki pa fèt anndan maryaj. Anyè a kenbe non ak adrès moun ki

1. te depoze yon avi pou reklame patènite oswa parantaj yon timoun,
2. siyen yon rekonesans pou patènite oswa parantaj yon timoun, oswa
3. yon tribinal te detèmine li se papa oswa paran timoun nan.

Papa oswa paran yo ki sou lis rejis la gen dwa pou resevwa avi legal nan pwosedi tribinal ki enplike timoun nan, ki gen ladan fanmi akèy, responsab legal, gad, ak, nan kèk sikonstans, adopsyon timoun nan. Anplis desa, timoun nan ap gen dwa eritye byen ki soti nan papa ki anrejistre a oswa paran an.

Tribinal yo, depatman sèvis sosyal lokal yo, ak ajans volontè otorize nan Eta New York itilize Anyè Papa Sipoze pou chèche non ak adrès papa oswa paran yon timoun ki pa fèt anndan maryaj yon fason pou yo ka avize paran yo nan pwosedi tribinal ki afekte gad timoun nan epi pou idantifye moun konsantman li nesèsè pou adopsyon yon timoun nan fanmi akèy.

(Yo pa kapab bay yon lòt moun rezilta yon rechècheksept sou lòd tribinal la).

## Èske mwen bezwen enskri nan Anyè Papa Sipoze a si mwen te siyen sètifika nesans timoun nan?

Li etonan, men siyen non ou sou sètifika nesans lan pa otomatikman fè ou papa legal la.

Ranpli epi depoze fòmilè yo nan Anyè Papa Sipoze a oswa depoze yon rekèt pou mande tribinal la rekonèt ou kòm papa timoun nan yon tan apwopriye kapab gen enpak sou nesèsite pou bay konsantman nan adopsyon timoun nan nan fanmi akèy.

## E si mwen pa sèten mwen se papa a?

Si ou pa sèten ou se papa a, pa siyen oswa soumèt okenn fòmilè ki nan lis sa la. Depreferans, ou ka chwazi pou depoze yon rekèt nan yon tribinal pou tribinal la detèmine patènite a. Lè ka a ale nan tribinal, tribinal la ap pase lòd pou fè tès jenetik pou detèmine si ou se papa timoun nan. Si ou se papa a, w ap etabli sèten dwa pou timoun nan epi ou ka oblije bay sipò jiskaske timoun nan gen 21 lane.

## Kijan pou mwen anrejistre nan Anyè Papa Sipoze a?

Si ou kwè ou se papa a oswa paranyon timoun epi ou pa marye ak manman an, ou ka ranpli fòm sa yo:

### ANVAN oswa APRE nesans timoun nan:

**Papa: OCFS-2724**, *Avi sou entansyon pou reklame Patènite yon Timoun ki pa Fèt Anndan Maryaj*

**Paran, men se pa Papa a: OCFS-2723**, *Avi sou entansyon pou reklame Parantaj yon Timoun ki pa Fèt Anndan Maryaj*

Nan fòm **OCFS-2724** la OSWA **OCFS-2723** a, w ap bezwen bay:

- non ou ak adrès ou,
- non manman an ak adrès li,
- non timoun nan (si li te deja konnen), epi
- dat nesans lan (oswa ane nesans lan si ou pa konnen dat la).

Fòm **OCFS-2724** oswa **OCFS-2723** dwe depoze nan Anyè Papa Sipoze a. Fòm la pa bezwen notarye, e yo pa avèti manman an.

### APRE nesans timoun nan:

Yon papa ka ranpli **OCFS-3780**, *Dokiman pou Rekonèt Patènite yon Timoun ki pa Fèt Anndan Maryaj*

Nan fòmilè **OCFS-3780** an, w ap bezwen bay:

- non ou ak adrès ou;
- non manman an ak adrès li;
- ak non timoun nan, dat nesans li ak kote li te fèt.

**OCFS-3780** an dwe notarye nan men yon notè piblik epi depoze nan Anyè Papa Sipoze a. Manman an ap resevwa yon lèt sètifye nan men Anyè Papa Sipoze ki deklare papa a te depoze yon dokiman pou rekonèt patènite li.

Yon papa oswa yon lòt paran ka itilize **LDSS-5171**, *Avi konsènan Dwa Legal ak Konsekans Siyen Rekonesans Parantaj*.

Si ou ranpli fòm **LDSS-5171** lan nan lopital la oswa nan yon ajans sèvis sosyal touswit apre nesans timoun nan, yo pral depoze fòm lan nan rejis konte a kote timoun nan te fèt ak kote yo te depoze sètifika nesans lan.